

Ayiti : Yon lon chimen rekonstriksyon De lane aprè tranblemann tè a

www.oxfam.org



De lane aprè tranblemann tè devastatè a, plis pase yon demi milyon Ayisyen rete san yon kote pou yo viv epi gouvènman an poko etabli yon plan pou relocalize ak reloje sinistre yo. Foto sa fèt nan kan Golf, Petyon Vil, Ayiti, 2010.

De lane gentan pase depi tranblemann tè a, gouvènman an poko devlope yon plan pou adrese pwoblèm kay ; aksè ak dlo, sèvis lapwòpte ak ijyèn ; epi tou bezwen de baz popilasyon a. Moun yo ki ap bay lajan pa rive bay kantite Nasyon Zini te mande pou Ayiti a; yo pa bay menm mwatye lajan an yo te pwomèt yo tap bay nan kad rekonstriksyon peyi a. Fòk kominote entènasyonal la fè plis jefò pou ranfòse kapasite gouvènman sa ki pral pèmèt li kowòdone rekonstriksyon a pandan kominote entènasyonal la ap konsilte epi angaje'l nan pwosesis sa tou nan yon tèt kole ak tout sitwayen Ayisyen.

Entwodiksyon

Tranblemann tè a ki te frape Ayiti 12 janvye 2010 la kreye youn nan pi gwo sitiwayon ijans imanité nan listwa a¹. Pou bay yon repons ak katastròf sa, ajans imanité yo te oblije lanse yon operasyon ki te youn nan pi gwo operasyon yo ak pi difisil yo te janm genyen pou yo antrepran, sitou nan yon zòn ibèn kote gen anpil moun ki ap viv youn sou lòt².

Anvan tranblemann tè a, Ayiti te genyen gwo pwoblèm estrikti – “yon gwo pwoblèm lamizè”, menm jan yon konseye prezidansyèl Ayisyen te di Oxfam (al wè tablo 1 an ba a)³. Preske 80 pousan Ayisyen tap viv anba nòm povrete yo epi peyi a te genyen pi gwo diferans nan lajan chak fanmi rantrè pa rapò ak tout lòt peyi yo nan lwès lemond lan.⁴ Pi fò nan moun yo ki tap mennen yon aktivite ekonomik te ti agrikiltè ki tap travay sou de twa karo tè oswa nan sektè enfòmèl la. Te genyen anpil ka vyolans ki tap fèt sou fanm epi medam yo pat gen aksè ak edikasyon menm jan ak mesye yo.⁵ Depi jou endepandans lan nan lane 1804, Leta Ayisyen a toujou kenbe yon ti kantite moun nan laboujwazi pandan pi fò pèp la ap soufri sa ki kreye yon sistèm Politisyen Ayisyen ke Robert Fattouh rele yon ‘Gwo twou ant sa ki ap dirije ak sa yo ki ap sibi nan men dirijan yo, yon gwo twou ant moun ki gen lajan ak sa yo ki ap viv nan lamizè’.⁶

Bwat 1 : Enfòmasyon ki enpòtan ⁷

Pousantaj popilasyon a ki ap viv pi ba nivo povrete peyi a (2001)	77%
Pousantaj moun ki ap travay pou tèt yo ou byen nan sektè enfòmèl la	80%
Sa kantite lajan 10% moun yo ki pi rich nan peyi a genyen, reprezante pou peyi a (2001)	48%
Sa kantite lajan 10% moun yo ki pi pòv nan peyi a genyen, reprezante pou peyi a (2001)	0.7%
Kantite popilasyon a ki ap viv nan bidonvil (2007)	70%
Plas Ayiti okipe nan lemond nan sa ki gen awè ak devlopman popilasyon a (2011)	158 sou 179
Plas Ayiti okipe nan lemond nan sa ki gen awè ak koripsyon (2010)	146 sou 178

De lane aprè tranblemann tè a, plis pase 519,000 Ayisyen ap viv anba tant ak pwela toujou nan 758 kan, pi fò ladan yo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens la,⁸ mwaye debri yo poko ranmase,⁹ epidemi kolera a touye plizyè milye moun pandan li rete toujou yon gwo risk pou sante piblik la,¹⁰ sèlman yon ti kantite moun nan popilasyon an ki kapab gen aksè ak sèvis de baz yo,¹¹ pi fò nan moun yo ki kapab travay nan chomaj oubyen pa touche ase,¹² 45 pousan popilasyon na ap fè fas ak ensèkirite alimantè,¹³ epi eleksyon yo ak gwo pwoblèm ki genyen ant nouvo prezidan an ak palman an ap ralanti pi plis pwosesis rekonstriksyon a.¹⁴

Jefò ki te fèt pou ede popilasyon an lè te gen ijans te ede sove lavi anpil moun epi tou ofri plis pase yon milyon moun sèvis de baz yo. Men kan mèm, pa gen gwo pwogrè ki fèt nan planifikasyon pou reponn ak bezwen popilasyon Ayisyèn an nan lavni. Kominote entènasyonal la te pran anpil tan pou li voye bay plizyè bilyon dola yo te pwomèt pou rekonstwi peyi a nan mwa mas 2010 la. Nan sans sa, kominote entènasyonal la pat rive bay kantite lajan Nasyon Zini te mande pou Ayiti. Plizyè ONG ap soti nan èd pou rantre nan pwogram devlopman. Gen de lè sa fè yo pa bay divès sèvis ankò. Komisyon Enterimè pou Rekonstwi Ayiti a (CIRH) – ki gen ladan divès reprezantan gouvènman an, sosyete sivil la ak moun ki ap bay lajan – te vize kowòdone pwosesis rekonstriksyon a men li pat fè anyen pou ranfòse kapasite gouvènman an. Pandan premye 18 mwa manda li, CIRH la pat rive jwen yon lòt otorite pou devlopman Ayiti (ADH).

Nòt sa se yon lòt evaliyasyon Oxfam fè sou rapò li 'Soti nan ijans, rantre nan rekonstriksyon', ki te ekri yon lane aprè katastwòf la.¹⁵ Li montre ki chanjman ki pou fèt pou mete peyi a sou ray rekonstriksyon ak devlopman, jistis sosyal epi yon pi bon avni. Nòt sa pale anpil sou pwoblèm ki genyen nan kijan moun yo ap jere peyi a ak wòl sosyete sivil la, enstans yo ki relye ak gouvènman an (tankou CIRH la), moun yo ki ap bay lajan ak ONG yo (nasyonal ak entènasyonal) genyen pou yo jwe nan rekonstriksyon peyi a, sitou nan bay sèvis de baz yo (dlo, lapwòpte ak kay) ak reponn ak bezwen sibzistans yo (opòtinite pou jwen travay ak pwoteksyon sosyal).

Yon sitiyaasyon ijans ki poko ap fini

Soti janvye 2010 rive janvye 2011, ajans imanite yo te bay plis pase 1.2 milyon Ayisyen yon kote pou yo rete ak dlo pwòp pou bwè gratis.¹⁶ Yo te konstwi tou latrin ak douch nan kan sinistre yo (IDP) pandan yo tap bay tou sipò pou yo kapab gen mwayen sibzistans.¹⁷

Gen ajans gouvènman Ayisyen a tou ki te jwe yon wòl enpòtan nan repons yo te bay ak katastwòf la. Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Asenisman an (DINEPA) te pataje pwojè WASH la (enstans la ki ap kowòdone zafè dlo, lapwòpte ak sèvis ijyèn òganizasyon yo) avèk UNICEF.¹⁸ Ministè Sante Piblik ak Popilasyon an tou te jwe yon wòl enpòtan nan batay li tap mennen pou kwape maladi kolera a.¹⁹

Ajans imanite yo te eseye wè si asistans lan ki te bay popilasyon a te ka angaje popilasyon a tou kote yo tap jwe yon wòl enpòtan olye pou yo trete yo kòm moun ki 'viktim'. Yon egzanp, moun yo ki tap fè pwomosyon epi ki tap fè mobilizasyon nan kominote yo te bay popilasyon a fòmasyon nan sa ki gen awè ak ijyèn pou yo te ka okipe tèt yo pi byen.

Repons imanite a te eseye tou kite afè bay manje pou'l eseye bay plis mwayen de baz pou moun yo kapab viv. Anplis de bay manje lokal²⁰ epi etabli pwojè cash-for-work la, òganizasyon imanite yo te bay benefisyè yo lajan pou yo ta kapab repran aktivite ekonomik yo.²¹ Oxfam te vize fanm ki te genyen ti antrepriz nan kad pwojè sa kote li tap bay tou fòmasyon sou kijan pou yon moun jere yon komès.²²

Rochelle Laurenceau, yon sinistre ki ap viv nan yon kan nan youn nan zòn yo kote gen plis mizè nan Pòtoprens ki rele Kafou Fèy, te itilize lajan Oxfam te bay li pou li kapab vann ti manje nan sachè nan kan li a. Li di 'Mwen itilize lajan an mwen fè ak ti komès mwen pou voye tout 4 timoun mwen yo lekòl'. Yon lòt bò, li di asosiyasyon fanm nan zòn li pa kapab bay li ase kredi pou li ka grandi komès li a.²³

Defi imanite yo

Menm si gen anpil bagay ki fèt, ajans imanite yo an Ayiti ap fè fas ak anpil difikilte ak limitasyon nan repons imanite a li ap bay. Asistans imanite a se yon bagay ki dwe fèt nan yon tan ki pa twò long epi li pap kapab rezoud pwoblèm estrikti, povrete ak enjistis.

Repons moun yo ki ap bay lajan nan kad katastwòf la ki te frape peyi a, pat ase pandan lane 2011 (al wè tablo 1). Sa te genyen anpil enpak negatif sou moun yo ki tap viv nan kan sinistre.

Defisit 30 milyon dola a ki te genyen nan pwogram WASH la te fè DINEPA ak Nasyon Zini te oblije fè yon ti kanpe sou netwayaj twalèt yo ki tap fèt nan kan yo. Yon mank finansman pou pwoteksyon te afekte prevansyon ki pou te fèt sou zak vyolans ki ap fèt sou fanm, yon sitiyaasyon kote 4 pousan nan medam yo ki ap viv nan kan yo rapòte.²⁴

Tablo 1 : Repons bayè de fon yo bay ak apèl imanità a pou Ayiti (kantite chak resous popilasyon a te bezwen reprezante nan tablo sa)

Pwojè	2010	2011 (al jis 20 novanm)
WASH	88%	60%
Lojman/pwodui ki pa pou manje	67%	38%
Rekouyman rapid	40%	24%
Pwoteksyon	60%	51%
Asistan ak manje	78%	123%
Tout pwojè yo	75% (\$1.1 bilyon sou \$1.5 bilyon yo te mande)	60% (\$230 milyon sou \$382 milyon yo te mande)

Kote nou jwen enfòmasyon sa : UN OCHA

ONG yo te voye kamyon dlo fè distribisyon gratis nan kan yo soti mwa janvye 2010, rive nan mitan lane 2011 la.²⁵ Nan ka Oxfam la, sa te koute \$167,000 chak mwa.²⁶ Nan fen ane 2011 la, DINEPA te mande pi fò nan ajans imanità sispan aktivite sa poutèt ajans lan te vle kreye yon apwòch ki te ka dire pi lontan.²⁷

ONG yo te eseye fasilite aksè ak sèvis WASH la. Yon egzanp, anvan Oxfam te sispan aktivite ditribisyon dlo nan kamyon li yo, li te chita pale ak DINEPA ansanm ak Konpayi dlo a nan Pòtoprens kote yo te deside bay komite WASH yo nan kan yo, fòmasyon, zouti ak materyèl yo te bezwen pou kenbe latrin yo pwòp epi fè distribisyon dlo a pou kont yo.

Yon lòt defi se te pwoblèm ‘Repiblik Pòtoprens la’. Administrasyon piblik yo ak sèvis yo konsantre nan kapital la sitou. Nan lane 2011, Oxfam te jwenn sèlman de moun ki tap travay nan DINEPA nan de-patman Nippes la kote plis pase 300,000 moun rete epi tou kote gen plis moun ki mouri ak maladi kolera.²⁸

Yon katriyèm pwoblèm nan sa ki gen awè ak lojman, sè ke gen anpil pwoblèm fonsye an Ayiti – pa vrèman yon bon estrikti kadas epi anpil nan notè prive yo nan koripsyon kote yo pa bay tout verite a sou dwa yon moun gen sou tè li yo²⁹ – ajans imanità yo gen gwo difikilte pou yo konstwi kay pèmanan poutèt sa. Lè mwa oktòb 2011 la rive, yo te gen tan konstwi anviwom 96,000 kay tranzisyon (t-shelters), men yo te konstwi sèlman 4,600 nouvo kay epi yo te repen 6,600 kay ankò. Tran-blemann tè a te detwi 250,000 abitasyon.³⁰ T-shelters yo pi bon pase tant ak pwela, men yo fèt ak bwa, y opa koute chè e yo kapab reziste sèlman ak kèk sezon ouragan an Ayiti.³¹

Genyen 120,000 sinistre ki anba menas pou yo mete yo nan lari a. Pwopriyetè teren prive yo ap revandike lajan pou moun yo rete sou teren yo pandan gouvènman minisipal la deklare kan sinistre yo se yon seri espas kote krim ap fèt epi kriminèl ap kache. Gouvènman nasyonal la poko jwenn yon solisyon ki jis, tankou bay powpriyetè yo yon konpansasyon pou kite sinistre yo rete sou teren yo jis pou lè yo kapab jwen pwòp kay pa yo.³²

Yon rekonstriksyon ki ap fèt trè lantman

Pwosesis rekonstriksyon an pap avanse ase rapidman epi li pa fèt yon manyè ki pral bon pou peyi a. Le fèt pat genyen yon gouvènman pandan senk mwa te yon gwo andikap, sa ki te youn nan kòz yo ki te fè bayè fon yo pat anvi bay anpil kòb.

Administrasyon Prezidan Martelly a pwomèt ajanda politik li a chaje ak nouvo pwogram ki pral pèmèt timoun al lekòl gratis, ki pral rekonstitiye fòs lame Dayiti a, epi ki pral tou travay pou relocalize moun yo ki anban tant yo depi tranblemann tè a. Yon lòt bò, se opozisyon, pati politik INITE a ki gen majorite a nan tou de chanm yo nan palman an. Lejislati sa te rejete de premye chwa prezidan an te fè pou pòs premye minis la, sa ki te lakòz pat genyen yon gouvènman ki te la pou dirije pwosesis rekonstriksyon a epi pwoteje dwa sitwayen yo. Palman an te finalman aksepte chwa Garry Conille kòm premye minis nan mwa oktòb 2011 la.

Li te bay yon bèl diskou sou politik li a kote li te souliyen enpòtans '5 E' yo ki se : Edikasyon, anplwa, anviwònman, enèji ak eta de dwa. Pwogram li vize akonpli yon ogmantasyon ekonomik 9 pousan sou yon peryòd senk lane epi tou bese to enflasyon ki deja rive 10 pousan. Tèm nan Conille te bay diskou li a se te "Pèp la pa ka tann ankò".

Vizyon sa pou devlope peyi a rapidman ap fè fas ak anpil difikilte tankou kapasite gouvènman an ak feblès finansyè peyi a. 70 pousan bidjè nasyonal la soti nan asistans kominote entènasyonal la ap bay pou devlope peyi a.³³ Menm jan ak ansyen preme minis la, Conille mete yon aksan sou bezwen ki genyen pou dekonsantre pouvwa a epi pataje responsabilite yo ak otorite lokal yo, men li poko prezante yon plan pou bay otorite lokal yo resous yap bezwen pou fè travay yo kòm sa dwa. Leta Ayisyen an tou poko angaje sosyete sivil la nan planifikasyon rekonstriksyon peyi a.³⁴

Moun yo ki ap bay lajan gen anpil responsabilite nan le fè rekonstriksyon Ayiti a pa vrèman demare tout bon. Yo bay sèlman 43 pousan nan \$4.6 bilyon dola yo te pwomèt yo tap bay pou lane 2010-2011.³⁵

Genyen toujou, bayè fon yo te mete presyon pou tabli CIRH lan nan lide pou te genyen yon estrikti ki pou jere epi kowòdone pwosesis rekonstriksyon an. Komisyon sa, ki se premye minis Ayisyen an ki te ko-prezide li ansanm ak Anvwaye Spesyal Nasyon Zini an Ayiti a, ki se tou ansyen prezidan Ameriken an, Bill Clinton, te ede jwen bayè fon yo epi tabli priyorite gouvènman an. Lè manda li rive nan bout li, nan mwa oktòb 2011 la, te genyen anviwon yon santèn pwojè ki te aprouve a travè CIRH la. Pwojè sa yo te rive nan yon montan \$3.2 bilyon dola.³⁶ Men sak vin rive, se CIRH lan pat rive ede peyi a devlope enstans pa li, Otorite Devlopman Ayiti a, ki te pou kontinye travay CIRH la.³⁷ Ansyen Direktè Egzekitif CIRH la, Gabriel Verret di ministè yo te wè ADH la kòm yon danje.³⁸ Administrasyon Martelly a rekonèt lajan kominote entènasyonal la ap bay depann anpil sou renouvèlman manda CIRH la,³⁹ men nan fen ane 2011 la, palman an pot ko pran yon desizyon toujou sou dosye sa.⁴⁰

Abita

Gouvènman Ayisyen a pat pran bon jan dispozisyon ase rapidman pou relokizasyon moun yo ki ap viv anba tant yo (IDP yo). Gouvènman ap fè tèt di pou li aproriye tè pou konstriksyon kay.

Administrasyon Martelly a mete aksan sou 5,000 fanmi yo ki deplase (25,000 moun) nan sis kan sinistre ki ap viv sou plas piblik. Pi fò ladan yo soti nan 16 katye pòv nan zòn metwopolitèn Pòtoprens la. Genyen 28,000 fanmi ankò ki ap viv nan kay ki kraze nan katye sa yo. Moun sa yo pral benefisye nan pwojè '16/6' la kote moun yo resevwa 500 dola pou yo kapab lwe kay ki deja la epi pwopriyetè kay yo resevwa preske \$3,500 pou repara kay yo, an echanj yo bay moun lwe kay la gratis pou 2 a 5 lane. Gouvènman an pral evaliyè si kay yo ki te repara pa yon danje ankò. Pou kounya, gouvènman an genyen yon montan 30 milyon dola nan 78 milyon dola li pral bezwen pou pwojè 16/6 la,⁴¹ epi tou, bayè fon yo bay mwens pase mwatye 97 milyon dola yo te pwomèt pou sektè rekonstriksyon kay pou lane 2010-2011.⁴²

Ayiti bezwen yon bon politik sou relokizasyon ak abitasyon, ak yon plan klè pou retire moun yo anba tant. Pwojè 16/6 la se yon etap nan kad kreyasyon politik sa. Yon lòt bò, sa pa fè sans pou bati kay tanporè san pa genyen yon plan tranzisyon pou konstwi kay pèmanan. Sa pral kreye yon sityasyon kote kay tanporè sa yo pral tounen kay pèmanan. Administrasyon Martelly a rekonèt tou gen kan ki kapab tounen pèmanan.⁴³

Gouvènman an montre yon retisans pou li etabli yon pwogram kay piblik nan strateji li pou relokize sinistre yo, men yon pwogram konsa ta ka angaje Ajans Ayisyèn pou Abitasyon Piblik la (Entreprise Publique de Promotion des Logements Sociaux, oubyen EPPLS) nan konstwi kay ki bon mache. Menm si EPPLS la pa gen anpil resous finansyè, enstans sa gen eksperyans nan konstriksyon estrikti ki kapab reziste ak klima Ayiti a.⁴⁴

WASH

Daprè kowòdonatè pwogram WASH la, san konte bezwen WASH IDP's yo genyen, peyi a ap fè fas ak yon katastwòf estriktirèl (wè tablo 2).⁴⁵ Anpil moun nan popilasyon a depann sou rivyè ak kanal pou fè fas ak bezwen yo ak bezwen betay yo poutèt yo pa gen aksè ak dlo pwòp ak sèvis sanitasyon.⁴⁶

Tablo 2 : Haiti WASH Endikatè, 1990–2008

Endikatè	1990	2000	2008
Kantite moun nan popilasyon an ki gen aksè ak dlo trete yo ka bwè	41% (riral)	49% (riral)	55% (riral)
	62% (iben)	67% (iben)	71% (iben)
	47% (total)	55% (total)	63% (total)
Kantite moun nan popilasyon an ki ap jwen pi bon sèvis sanità	19% (riral)	15% (riral)	10% (riral)
	44% (iben)	34% (iben)	24% (iben)
	26% (total)	22% (total)	17% (total)

Kote nou jwen enfòmasyon sa : World Health Organization, UN Children's Fund, UN Statistics Division

Evalyasyon gouvènman an te fè aprè katastwòf 12 janvye 2010 a te monte a 1.1 milya dola sou yon period twa lane pou reyabilite system WASH la pou yo kapab pi bon pou byen popilasyon a.⁴⁷ Men DI-NEPA limite anpil nan kapasite li yo pou jere sanitasyon sa ki fè li travay nan sa ki gen awè ak dlo sèlman.⁴⁸

Moun yo ki ap bay lajan te pwomèt 271.4 milyon dola pou dlo ak rekonstriksyon estrikti sanitè yo pandan lane 2010-2011 (montan sa plis ba pase montan an ki te soti nan yon evaliyasyon ki te fèt aprè katastwòf la), men lè mwa septanm lan se sèlman 214.5 milyon dola ki te debouse. Menm si Lespay, peyi a ki ap bay plis nan domèn sa, te bay yon kantite lajan enpòtan, genyen lòt peyi tankou Etazini, ki pat bay lajan ditou pou pwojè yo ki gen awè ak dlo.⁴⁹

Bwat 2: Travay ansanm ak popilasyon Site Solèy la pou ranfòse system sanitè a

Site Solèy se yon bidonvil ki sitiye nan sid pò kontenè Pòtoprens la. Pi fò nan rezidan yo pa jwen pi bon aksè ak sèvis sanitasyon; yo fè bezwen yo bò lanmè oswa nan yon kanal ki pa twò lwen yo.

Pandan ane 2011 la, Oxfam te travay ak moun yo ki ap viv nan bidonvil sa pou konstwi latrin pou kominote a. Rezidan nan zòn la te tann yo pou yo travay epi yo aprann kijan pou yo opere ak jere sistem nan. Komite devlopman yon nan katye a pral kolèkte 35 goud (sa ki reprezante 88 santim ameriken) chak mwa nan men chak fanmi ki pral itilize latrin yo. Lajan sa pral pèmèt peye pou fè netwaye latrin yo chak de lane.

Lajoie Lesline, yon dam ki ap viv nan kominote a fè yon kòmantè kote li di nouvel latrin sa yo “yo pi bon pou nou, pou sante nou, pou vi nou, pou nou pa trape tout kalite maladi”. Li ajoute ankò, “Nou pral okipe latrin sa yo menm jan nou okipe kay nou yo, timoun nou yo.”

Mwayen sibzistans

Pi gwo majorite popilasyon a ki ap mennen yon aktivite ekonomik an Ayiti, sa ki reprezante 4.5 milyon moun, se ti agrikiltè ou byen moun ki ap travay nan sektè enfòmèl la.⁵⁰ Gouvènman an ap chèche nouvo investisè etranje ki pou travay nan domèn tekstil nan izin yo ak lòt pwodui yo kapab ekspòte.⁵¹ Yon lòt bò, otorite yo dwe tou pran dispozisyon pou komès yo nan sektè enfòmèl la kapab gen aksè ak kredi ak teknoloji epi tou, fòk yo bay sektè agrikilti a mwayen pou fè rechèch, ekstansyon, aksè ak kredi, irigasyon ak enfrastrikti riral. Nan konferans lan an 2010 pou rekonstriksyon peyi a, gouvènman an te mande 260 milyon dola pou sektè agrikilti a, men bayè yo te pwomèt sèlman 148 milyon dola epi yo debouse mwens ke mwatye montan sa.⁵²

Fanm Ayisyèn yo genyen mwens mwayen sibzistans pase mesye yo. Sèlman 39 pousan tifi konplete lekòl primè kont 46 pousan gason. Medam yo reprezante pi fò nan kantite Ayisyen ki ap mennen yon aktivite ekonomik. Se yo tou ki reprezante pi fò nan moun yo ki ap touche yon salè ki twò ba nan piti ak mwayèn antrepriz yo, komès pèpè ak otèl ak restoran. Medam yo pa okipe anpil pòs nan izin yo, sektè transpò ak travay kote yo ofri sèvis.⁵³

Ayiti bezwen yon sistèm piblik pwoteksyon sosyal.⁵⁴ Pi fò nan lòt peyi yo nan region an genyen pwogram ak kondisyon ou byen san kondisyon, pou bay fanmi yo ki pa gen anpil mwayen, lajan, sa kite ede redwi nivo povrete epi rann lavi moun yo miyò.⁵⁵ Depi pwogram sa yo mete soupye, gouvènman an kapab ogmante kantite lajan sa li ap bay lè gen katastwòf natirèl.⁵⁶

Konklizyon ak Rekòmandasyon

Kounya Ayiti gen yon gouvènman, li trè enpòtan pou li pran devan nan fè avanse rekonstriksyon peyi a pi rapidman epi angaje popilasyon Ayisyèn an nan planifye, dirije ak evalye pwosesis la. Kominote entènasyonal la dwe bay yon asistans finansyè epi ranfòse kapasite peyi a pou'l rekonstwi epi tou pran dispozisyon pou Ayiti kapab jwenn asistan imanità a li bezwen. ONG entènasyonal yo dwe travay nan lide pou aktivite yo sipòte yon pwosesis rekonstriksyon ki se Ayiti ki ap dirije'l.

Nan lide pou atenn objektif sa yo, Oxfam fè rekòmandasyon pou **gouvènman Ayisyen** an pran aksyon sa yo:

- Krete yon ajans nasyonal ki pral ranpli fonksyon CIRH la;
- Etabli epi/oswa revise kowòdinasyon yo ki ap fèt nan nivo leta ak lokal yo;
- Enplike, konsilte epi kominike ak sitwayen Ayisyen yo, san pa bliye medam yo, pou atenn yon politik imanità, rekonstriksyon ak devlopman ki ap bon pou tout moun;
- Desantralize estrikti administrative ak fiscal yo pou elimine inegalite ki genyen ant zòn rural ak zòn iben yo;
- Krete yon politik pou relokalizasyon, epi etabli yon delè ak yon bidjè, san bliye konstriksyon nouvel abitasyon piblik, tounen nan bon pratik kote konstriksyon yo fèt solid epi etabli yon sistèm pou rezoud pwoblèm fonsye nan peyi a rapidman;
- Nonmen yon ekip espesyal wo nivo ki pou kreye yon politik ekita ki pral kanpe degèpisman fòse yo pandan yo pran dispozisyon pou pwopriyete tè yo jwen lajan pou tè yo ki ap itilize;
- Devlope yon bon plan, nan yon delè ki fikse, pou tout moun kapab gen aksè ak dlo pwòp ak sèvis sanitasyon;
- Kore ekonomi enfòmèl la ak ti agrikiltè, epi jwenn estrateji ki pral vize ede medam yo;
- Pran bon jan dispozisyon pou kwape zak vyolans ki fèt sou fanm epi pou jwenn epi mennen moun yo ki ap fè krim sa yo devan lajistis epi;
- Devlope pwogram piblik pwoteksyon sosyal tankou transfè lajan ak anplwaye moun ki pou travay pou fonksyon piblik la sou baz kondisyon oswa san kondisyon.

Bayè fon yo dwe:

- Respekte egzijans nòm Nasyon Zini genyen pou òganizasyon imanità yo;
- Respekte angajman yo pou nan sa ki gen awè avèk kay, WASH ak agrikilti;
- Bay plis sipò nan bidjè pwogram sa yo epi tou kore yon pwogram

pwoteksyon sosyal ak ede ranfòse kapasite gouvènman an;

- Fè asistans la rantre nan kad pwogram ak politik jeneral gouvènman an; epi
- Ankouraje kreyasyon yon ajans nasyonal Ayisyèn pou rekonstwi Ayiti.

ONG Entènasyonal yo dwe:

- Ankouraje kreyasyon yon ajans nasyonal Ayisyèn pou rekonstwi Ayiti;
- Fè asistans la rantre nan kad pwogram ak politik jeneral gouvènman an; epi
- Ede ranfòse kapasite òganizasyon yo nan sosyete sivil Ayisyèn la pou patisipe nan pledwaye pou tabli politik ak aktivite rekonstriksyon.

Nòt

- ¹ Nasyon Zini (2011) 'Humanitarian assistance, emergency relief, rehabilitation, recovery and reconstruction in response to the humanitarian emergency in Haiti, including the devastating effects of the earthquake: Report of the Secretary-General', Anbasad Jeneral Nasyon Zini, New York, A/66/32, http://reliefweb.int/sites/reliefweb.int/files/resources/RSG_A-66-332_EN.pdf (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ² *Ibid.*
- ³ Entèviw ak Patrick Rouzier, Konseye Prezidan Repiblik Dayiti a nan sa ki gen awè ak Rekonstriksyon ak abita, Petyonvil, Ayiti, 15 Novanm 2011.
- ⁴ Bank Mondyal la (2011) Enfòmasyon sou Ayiti, Washington, D.C.: Bank Mondyal la <http://data.worldbank.org/country/haiti>; US Central Intelligence Agency (Ajans Santral Entelijans Amerikèn) (2011) World Factbook, McLean, VA: CIA, <https://www.cia.gov/library/publications/the-world-factbook/geos/ha.html> (Dènye fwa nou te monte sou tou de sit sa yo se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁵ Human Rights Watch (yon òganizasyon ki ap veye sou dwa moun) (2011) "Nobody Remembers Us": Failure to protect women's and girls' right to health and security in post earthquake Haiti, Human Rights Watch, New York, <http://www.hrw.org/sites/default/files/reports/haiti0811webwcover.pdf> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁶ R. Fatton, Jr. (2007) *The Roots of Haitian Despotism*, Boulder, CO: Lynne Rienner, p.9.
- ⁷ Bank Mondyal (2011) op. cit.; Bureau International du Travail (Biwo Entènasyonal Travay) (2010) 'La promotion du travail décent dans la reconstruction et le développement d'Haiti après le tremblement de terre de 2010. Mission du BIT février-mai 2010', Geneva : ILO; US Central Intelligence Agency, op. cit.; UN Habitat (2011) Haiti, Nairobi: UN Habitat, <http://www.unhabitat.org/categories.asp?catid=153>; UN Statistics Division (Divizyon Estatistik Nasyon Zini) (2011) Millennium Development Goals Indicators, New York: UN Department of Economic and Social Affairs (Depatman Afè Sosyal ak Ekonomik Nasyon Zini), <http://unstats.un.org/unsd/mdg/Data.aspx>; UN Development Programme (Pwogram Devlopman Nasyon Zini) (2011) 'Human Development Report 2011', New York : UNDP; Transparency International (Transparans Entènasyonal) (2010) 'Corruption Perceptions Index 2010 Results', Berlin: Transparency International, http://www.transparency.org/policy_research/surveys_indices/cpi/2010/results (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁸ UN Office for the Coordination of Humanitarian Affairs (Biwo Nasyon Zini a ki ap Kowòdinè Entèkansyon Imanite yo) (2011) Humanitarian Bulletin (18 October–17 November), Port-au-Prince: OCHA; Haiti Camp Coordination and Camp Management Cluster Displacement Tracking Matrix data for November 2011, <http://iomhaitidataportal.info/dtm/default.aspx?overviewdtm.aspx> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁹ US Agency for International Development (Ajans Amerikèn pou devlopman Entènasyonal) (2011) 'Haiti – Earthquake and Cholera', Factsheet #2, Fiscal Year 2012, Washington, D.C.: USAID, http://www.usaid.gov/our_work/humanitarian_assistance/disaster_assistance/countries/haiti/template/fs_sr/fy2012/haiti_cheq_fs02_11-14-2011.pdf (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ¹⁰ Ministère de la Santé Publique et la Population, République d'Haiti (Ministè Sante Piblik ak Popilasyon, Repiblik Dayiti) (2011) 'Continuité de la stratégie nationale de lutte contre le choléra', Port-au-Prince: Ministère de la Santé Publique et la Population.
- ¹¹ UN Statistics Division (2011) *op. cit.*
- ¹² Bureau International du Travail (2010) *op. cit.*
- ¹³ UN OCHA (2011) *Humanitarian Bulletin* (21 September–18 October), Port-au-Prince : OCHA, http://reliefweb.int/sites/reliefweb.int/files/resources/OCHA%20Haiti_Humanitarian%20Bulletin_11_ENG.pdf (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ¹⁴ R. Fatton, Jr. (2011) 'From "Sweet Micky, Prezidan Kompa" to Michel Joseph Martelly, President of the Republic: Politics under surveillance', (dokiman sa te prezante nan kad 23zyèm konferans aniyèl Asosiyasyon Etid Ayisyèn la, nan Inivèsite West Indies la ki nan Mona, Jamaica, sot 10 rive 12 novanm 2011) paper presented at the 23rd annual conference of the Haitian Studies Association, University of the West Indies, Mona, Jamaica, 10–12 November 2011.
- ¹⁵ Oxfam International (Oxfam Entènasyonal) (2011) 'From Relief to Recovery: Supporting good governance in post-earthquake Haiti', Briefing Paper 142, Oxford: Oxfam International, <http://www.oxfam.org/sites/www.oxfam.org/files/bp142-relief-to-recovery-130111-en.pdf> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ¹⁶ United Nations (2011) *op. cit.*
- ¹⁷ *Ibid.*
- ¹⁸ Entèviw ak Herbert Schembri, Kowòdinatè Pwojè WASH la, Pòtoprens, 16 Novanm 2011; dives entèviw ak anplwaye Oxfam yo an Ayiti, mwa Me ak Jiyè 2010 ak mwa Janvyè, Fevriye, Oktòb, ak Novanm 2011.
- ¹⁹ Entèviw ak kèk manm nan US Agency for International Development Haiti Task Team (Ekip la ki an Ayiti), Washington, D.C., 22 Fevriye 2011.
- ²⁰ Wè: Oxfam International (2010) 'Planting Now: Agricultural challenges and opportunities for Haiti's reconstruction', Briefing Paper 140, Oxford: Oxfam International, <http://www.oxfam.org/en/policy/planting-now> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).

- ²¹ United Nations (2011) *op. cit.*
- ²² Se ekip Oxfam nan an Ayiti kit e bay enfòmasyon sou pwogram nan.
- ²³ Entèview, Kafou Fèy, Pòtoprens, 17 Novanm 2011.
- ²⁴ Human Rights Watch (2011) *op. cit.*
- ²⁵ United Nations (2011) *op. cit.*
- ²⁶ Se ekip WASH Oxfam nan an Ayiti ki te bay enfòmasyon sou aksè popilasyon an te genyen ak dlo anvan katastwòf 12 janvyè a.
- ²⁷ UN OCHA (2011) *op. cit.*
- ²⁸ Ekip ki ap travay nan domèn epidemic kolera a te bay enfòmasyon; in Haiti, a department is an administrative unit equivalent to a state or province.
- ²⁹ Baze sou rechèch Pwofesè Harley F. Etienne ki soti nan Georgia Institute of Technology (Enstiti Teknoloji nan leta Georgia), te fè pou Oxfam.
- ³⁰ Entèview ak ekip la ki ap travay sou pwojè abita, Pòtoprens, 15 Novanm 2011.
- ³¹ *Ibid.*; Haiti Support Group (Gwoup ki ap sipòte Ayiti) (2011) Haiti Briefing No. 68, London: Haiti Support Group, www.haitisupportgroup.org (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ³² Baze sou rechèch Pwofesè Harley F. Etienne te fè pou Oxfam ak enfòmasyon akip Oxfam la ki an Ayiti te bay.
- ³³ *LA Times* (2011) 'Haiti doesn't need an army', Editorial, 17 Novanm 2011, <http://www.latimes.com/news/opinion/editorials/la-ed-haiti-20111117.0.3585045.story?track=rss> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ³⁴ Yon foròm kit e fèt nan mwa Novanm 2011 la sou rekonstriksyon Pòtoprens, kote te genyen plizyè otorite gouvènman Ayisyen an ak otorite minisipalite yo, ansanm ak bayè fon yo epi òganizasyon yon an sosyete sivil la te patisipe, sa ki e reprezante yon pa an avan nan sans sa. Oxfam te patisipe nan foròm sa, ki se Minisè Planifikasyon ak Kowoperasyon Ekstèn kit e planifye'l epi kit e ede fasilite patisipasyon òganizasyon yo nan sosyete sivil Ayisyèn la.
- ³⁵ UN Office of the Special Envoy for Haiti (Biwo Anvwaye Espesyak Nasyon Zini pou Ayiti) (2011) 'International Assistance', New York: UN Office of the Special Envoy, <http://www.haitispecialenvoy.org/assistance-tracker/> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011). 43 pousan an reprezante asistans finasyè a ki te debouse a pati mwa Septanm 2011 la. Moun yo ki ap bay lajan te leve tou dèt yo Ayiti te genyen pou yon montan 1 bilyon dola pandan ane 2010-2011 yo.
- ³⁶ Entèview ak Ann Valérie Timothée Milfort, Direktris Egzekitiv, CIRH lan, Pòtoprens, 14 Novanm 2011; Interim Haiti Recovery Commission (Komisyon Enterimè pou Rekonstriksyon Ayiti) (2011) 'IHRC Fact/Fiction', Pòtoprens: Interim Haiti Recovery Commission, http://en.cirh.ht/files/pdf/ihrc_presskit2011_factfiction.pdf (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ³⁷ US Government Accountability Office (Biwo Responsabilite Gouvènman Ameriken an) (2011) 'Haiti Reconstruction: US efforts have begun, expanded oversight still to be implemented', Washington, D.C.: US Government Accountability Office, <http://www.gao.gov/products/GAO-11-415> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ³⁸ Entèview ak Gabriel Verret, Petyonvil, 21 Novanm 2011.
- ³⁹ Entèview ak Patrick Rouzier.
- ⁴⁰ Entèview ak Ann Valérie Timothée Milfort.
- ⁴¹ Entèview ak Patrick Rouzier; Prezantasyon Powerpoint gouvènman Ayisyen an sou pwojè 16/6 li a, ki te prezante nan kad yon rankont ak komite a ki ap kowòdine ong yo (CCO) 10 Novanm 2011; entèview ak ekip Oxfam la ki ap fè pledwaye an Ayiti.
- ⁴² UN Office of the Special Envoy (2011) *op. cit.*
- ⁴³ Interview with Patrick Rouzier; Government of Haiti Powerpoint presentation on 16/6.
- ⁴⁴ Entèview ak Elonge Othelot, Direktè Jeneral, EPPLS, Pòtoprens, 16 Novanm 2011.
- ⁴⁵ Entèview ak Herbert Schembri.
- ⁴⁶ Rechèch Oxfam te fè nan zòn riral yo, nan mwa Me 2010.
- ⁴⁷ Ou ka jwen evaliyasyon a nan adrès entènèt sila: http://www.refondation.ht/resources/PDNA_Working_Document.pdf (see p. 68 for quote) (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁴⁸ Entèview ak Herbert Schembri; Rechèch Oxfam sou Figaro Joseph te fè, University of Denver.
- ⁴⁹ UN Office of the Special Envoy (2011) *op. cit.*
- ⁵⁰ Entèview ak Gérard Germain, ansyen Minis Afè Sosyal ak Travay la, Petyonvil, 21 Novanm 2011; Y. Shamsie (2010) 'Time for a "High road" Approach to EPZ Development in Haiti', dokiman sa te ekri nan kad Forum la sou Prevansyon Konfli, Komite Rechèch Syans Sosyal, New York.
- ⁵¹ J. Charles (2011) 'Charity fatigue has Haitian officials calling for more investments', *Miami Herald*, 1 Desanm 2011. <http://www.miamiherald.com/2011/11/30/v-fullstory/2525743/charity-fatigue-has-haitian-officials.html> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁵² UN Office of the Special Envoy (2011) *op. cit.*
- ⁵³ Bureau International du Travail (2010) *op. cit.*

- ⁵⁴ Entèview ak Gérard Germain. The government does maintain modest programmes providing old age pensions to formal sector workers and disability benefits.
- ⁵⁵ J. Johannsen (2009) 'Conditional cash transfers in Latin America: Problems and opportunities', Prezantasyon Powerpoint nan the Asian Development Bank (Bank Azyatik pou Devlopman).
<http://www.adb.org/documents/events/2009/high-level-social-assistance/Johannsen-Conditional-Cash-Transfers.pdf> (Dènye fwa nou te monte sou sit sa se te nan mwa Desanm 2011).
- ⁵⁶ M. J. Cohen and J. L. Garrett (2010) 'The food price crisis and urban food (in)security', *Environment & Urbanization*, Vol. 22(2): 467-482.

© Oxfam Entènasyon Janvye 2012

Dokiman sa, se Marc Cohen ki ekri'l. Oxfam rekonèt asistans Aimee Ansari, Ana Arendar, Angela Bruce-Raeburn, Gilda Charles, Peleg Charles, Anne Pieter van Dijk, Harley Etienne, Amélie Gauthier, Caroline Gluck, Lina Holguin, Gansly Jean, Vincent Maurepas Jeudy, Figaro Joseph, Tonny Joseph, Anita Kattakuzhy, Jonathan Mazliah, Alivelu Ramisetty, Sandrine Robert, Claude St. Pierre, and Hérold Toussaint nan redaksyon dokiman sa. Se youn nan yon seri papye kit e ekri pou enfòmasyon piblik la pou ka gen deba sou devlopman ak pwoblèm yo ki genyen nan politik imanité a.

Dokiman sa pwoteje ak dwa dotè men nenpòt ki moun kapab itilize tèks la gratis si se pou fè pledwaye, kanpay, edikasyon ak rechèch. Toutfwa, fòk moun nan bay yon referans sou sous la, kote'l te pran enfòmasyon an. Moun nan ki gen dwa dote sou dokiman sa mande pou tout moun ki deside itilize'l anrejistre ak li pou li kapab evaliyè ki enpak dokiman sa genyen. Si yon moun vle kopiye dokiman an pou nenpòt ki lòt rezon, ou byen pou itilize'l nan yon lòt piblikasyon, oswa pou yon tradiksyon ou byen yon reyadaptasyon dokiman an, fòk moun sa rantre an kontak ak moun yo ki ekri'l. Otè an gen dwa mande lajan pou sa. Adrès e-mail la se publish@oxfam.org.uk.

Pou plis enfòmasyon sou pwen yo ki souliyen nan papye sa, tanpri voye yon e-mail nan advocacy@oxfaminternational.org.

Enfòmasyon an ki nan dokiman sa te verifye nan moman anvan'l te enprime.

Oxfam GB pibliye dokiman sa pou Oxfam International sou ISBN 978-1-78077-033-8 in Janvye 2012. Oxfam GB, Oxfam House, John Smith Drive, Cowley, Oxford, OX4 2JY, UK.

Oxfam

Oxfam se yon konfederasyon entènasyon ki regwoupe 15 òganizasyon ki ap travay ansanm nan 98 peyi pou jwen bon jan solisyon kont lamizè ak enjistis:

Oxfam America (www.oxfamamerica.org),
Oxfam Australia (www.oxfam.org.au),
Oxfam-in-Belgium (www.oxfamsol.be),
Oxfam Canada (www.oxfam.ca),
Oxfam France (www.oxfamfrance.org),
Oxfam Germany (www.oxfam.de),
Oxfam GB (www.oxfam.org.uk),
Oxfam Hong Kong (www.oxfam.org.hk),
Oxfam India (www.oxfamindia.org),
Intermón Oxfam (www.intermonoxfam.org),
Oxfam Ireland (www.oxfamireland.org),
Oxfam Mexico (www.oxfammexico.org),
Oxfam New Zealand (www.oxfam.org.nz)
Oxfam Novib (www.oxfamnovib.nl),
Oxfam Quebec (www.oxfam.qc.ca)

Òganizasyon sa yo se manm obsèvatè Oxfam ki ap travay pou fè afilyasyon ak òganizasyon a:

Oxfam Japan (www.oxfam.jp)
Oxfam Italy (www.oxfamitalia.org)

Tanpri voye mesaj bay nenpòt ki ès nan ajans yo pou plis enfòmasyon, oswa vizite www.oxfam.org. Email: advocacy@oxfaminternational.org